

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun nyangking hasil anu akurat ngeunaan kamampuh siswa dina maca warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *audio-visual*. Tujuan tina unggal panalungtikan nya éta pikeun ngabuktikeun atawa nguji hal-hal anu ditalungtik anu dirumuskeun di idéntifikasi masalah. Aya tilu hal anu ditalungtik nya éta kumaha hasil diajar siswa dina maca warta saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *audio-visual*; naha aya béda anu signifikan dina hasil diajar siswa nalika saméméh ngagunakeun média *audio-visual* jeung sanggeus ngagunakeun média *audio-visual*; jeung kumaha éféktifitas média *audio-visual* dina maca warta téh.

- 1) Média audio-visual sabenerna ngagunakeunana gampang jeung éféktif dina nepikeun pangajaran, asal luyu jeung tujuan anu rék dihontal. Média *audio-visual* dina pangajaran maca warta, wangun matéri atawa bahan pangajaranana dijieun kanavidéo ngagunakeun komputer atawa *laptop* tuluy diproyéksikeun ngagunakeun *proyektor*.
- 2) Katitén yén dina pretés siswa mampuh maca warta aya 2 siswa atawa 6,66% sedengkeun anu can mampuh aya 28 siswa atawa 93,33%, anu ngawengku rata-rata skor total pretés kelas X-2 nya éta 55,83. Rata-rata skor tina aspék nyangkem eusi nya éta 3,23; skor rata-rata tina aspék ucapan (*artikulasi*) nya éta 2,93; skor rata-rata tina aspék lentong (tekanan, wirahma, jeung randegan) nya éta 2,83; jeung rata-rata skor tina aspék réngkak paripolah (*gesture*) nya éta 2,2. Ieu hal dilantarankeun siswa kurang nyangkem kana naon anu dipedar tur siswa kurang nyangkem kana aspék-aspék maca warta.
- 3) Katitén yén dina postés siswa anu mampuh maca warta kalawan nyumponan kritéria ngajén warta aya 22 siswa atawa 73,33%, anu ngawengku rata-rata skor total postés kelas X-2 nya éta 76. Rata-rata skor tina aspék nyangkem eusi nya éta 4,16; skor rata-rata tina aspék ucapan

(*artikulasi*) nya éta 3,8; skor rata-rata tina aspék lentong (tekanan, wirahma, jeung randegan) nya éta 3,73; jeung rata-rata skor tina aspék réngkak paripolah (*gesture*) nya éta 3,5. Ieu hal ngabuktikeun yén ayana pangaruh diajar dina maca warta ngaliwatan média *audio-visual*.

- 4) Média pangajaran kréatif saperti média *audio-visual* téh kawilang éféktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta. Ieu hal dumasar kana hasil analisis data anu ngabuktikeun uji hipotésis. Katitén nya éta $t_{itung}(19,45)$ sedengkeun $t_{tabel}(2,46)$ tina darajat kabébasan 29 sarta tingkat kapercayaan 99% nya éta 2,46. Cindekna, $t_{itung}(19,42) > t_{tabel}(2,46)$. Hipotésis alternatif dina ieu panalungtikan nya éta aya béda signifikan antara kamampuh maca warta siswa saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *audio-visual* téh ditarima.

5.2 Rékoméndasi

Luyu jeung hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi anu diébréhkeun ku panalungtik pikeun ngaronjatkeun kamampuh siswa dina maca warta. Rékoméndasi éta téh dipérlékeun ieu di handap.

- 1) Sanggeus ngayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran maca warta, ditétélakeun yén hasil pretés jeung postés aya béda anu signifikan. Ku kituna, panalungtik ngarékomédasikeun ka guru-guru basa Sunda sangkan ngagunakeun média pangajaran anu kréatif saperti *audio-visual* anu raket patalina jeung téhnologi dina medar matéri pangajaran hususna dina pangajaran warta.
- 2) Guru-guru basa Sunda kudu parigel dina milih jeung nangtukeun média pangajaran tur métode jeung modél pangajaranana. Ieu hal pikeun ngirut minat siswa dina diajar basa Sunda.
- 3) Ieu panalungtikan masih loba kakuranganana. Ku kituna, panalungtik miharep ayana panalungtikan ngeunaan pangajaran maca warta ngagunakeun média kréatif tur inovatif saperti média *audio-visual* anu ambahanana leuwih jembar.